ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
28.11.1998-ж. №408/I

# МӘДЕНИЙ БАЙЛЫҚЛАРДЫ АЛЫП ШЫҒЫЎ ҲӘМ АЛЫП КИРИЎ ҲАҚҚЫНДА

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген
05.10.2007-ж. 165/III-санлы ҚР Нызамы

**1-статья. Нызамның мақсети**

Бул Нызамның мақсети Қарақалпақстан халқының мәдений мийрасын сақлаў, мәдений байлықларды нызамсыз түрде алып шығыў ҳәм алып кириўден қорғаў менен байланыслы болған қатнасықларды тәртиплестириўден, оларды Қарақалпақстан Республикасынан алып шығыў ҳәм Қарақалпақстан Республикасына алып кириўдиң бирден-бир тәртибин белгилеўден, сондай-ақ халықаралық мәдений бирге ислесиўди раўажландырыўға жәрдемлесиўден ибарат.

**2-статья. Мәдений байлықларды алып шығыў ҳәм алып кириў ҳаққындағы нызам актлери**

Мәдений байлықларды алып шығыў ҳәм алып кириў ҳаққын-дағы Қарақалпақстан Республикасының нызам актлери усы Нызамнан ҳәм басқа да нызам актлеринен ибарат болады.

Егер Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнама-ларында мәдений байлықларды алып шығыў ҳәм алып кириў ҳаққындағы Қарақалпақстан Республикасының нызам актлериндегиден басқа қәделер белгиленген болса, онда халықаралық шәртнама режелери қолланылады.

**3-статья. Тийкарғы түсиниклер**

Бул Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

мәдений байлықлар - материаллық дүньяның миллий, тарийхый, көркем, илимий-ағартыўшылық, руўхый ҳәм әдеп-икрамлылық және басқа да мәдений әҳмийетке ийе болған көшпели буйымлары;

мәдений байлықларды алып шығыў - мәдений байлықларды Қарақалпақстан Республикасы аймағынан тысқарыға оларды қайтып алып кириў миннетлемеси болмаған жағдайда бажыхана шегарасы арқалы алып өтиў;

мәдений байлықларды алып кириў - мәдений байлықларды Қарақалпақстан Республикасы аймағына оларды қайтып алып шығыў миннетлемеси болмаған жағдайда бажыхана шегарасы арқалы алып кириў;

мәдений байлықларды ўақытша алып шығыў - мәдений байлықларды Қарақалпақстан Республикасы аймағынан тысқарыға оларды шәртлесип

қойылған мүддетте қайтып алып кириў миннетлемеси менен бажыхана шегарасы арқалы алып өтиў;

мәдений байлықларды ўақытша алып кириў - мәдений байлықларды Қарақалпақстан Республикасы аймағына оларды шәртлесип қойылған мүддетте қайтып алып шығыў миннетлемеси менен бажыхана шегарасы арқалы алып кириў.

**4-статья. Усы Нызам бойынша бақлаўға алынатуғын мәдений байлықлар дизими**

Төмендеги мәдений байлықлар тиккелей усы Нызам бойынша бақлаўға алынады:

Қарақалпақстан Республикасы пуқаралары тәрепинен дөретилген мәдений байлықлар;

сырт ел пуқаралары ҳәм пуқаралыққа ийе болмаған адамлар тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы аймағында дөретилген мәдений байлықлар;

Қарақалпақстан Республикасы аймағында табылған мәдений байлықлар;

музейлер, китапханалар, архивлер, кинофото, фонотекаларда, сүўретлер галереяларында ҳәм басқа да сақлаў орынларында топланған мәдений байлықлар;

қайсы мәмлекетлерге тийисли болса, сол мәмлекетлердиң ўәкилликли уйымларының келисими менен арехологиялық, этнологиялық тәрепинен илимий экспедициялар тәрепинен қолға киргизилген мәдений байлықлар;

ықтыярлы түрде алмастырыў нәтийжесинде алынған мәдений байлықлар;

қайсы мәмлекетлерге тийисли болса, сол мәмлекетлердиң ўәкилликли уйымларының келисими менен мийрас, сыйлық сыпатында алынған ямаса нызамлы түрде қолға киргизилген мәдений байлықлар;

сырт еллердиң юридикалық ҳәм физикалық тәреплери таманынан Қарақалпақстан Республикасының аймағына алып келинип атырған мәдений байлықлар.

**5-статья. Мәмлекетлик уйымлардың мәдений байлықларды алып шығыў ҳәм алып кириў тараўындағы ўәкилликлери**

Мәдений байлықларды алып шығыў ҳәм алып кириўдиң мәмлекет тәрепинен тәртиплестирилиўин Қарақалпақстан Республикасының Мәденият ҳәм спорт ислери бойынша министрлиги ҳәм Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик бажыхана басқармасы әмелге асырады. *(ҚР ЖК 05.10.2007-ж. 165/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Қарақалпақстан Республикасының Мәденият ҳәм спорт ислери бойынша министрлиги: *(ҚР ЖК 05.10.2007-ж. 165/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тастыйықлаған тәртипте мәдений байлықларға киретуғын ўәжлердиң категориясын анықлайды;

Мәдений байлықларды алып шығыў, ўақытша алып шығыў мүмкинлиги ҳаққында шешимлер қабыл етеди;

Алып шығылып атырған ҳәм алып кирилип атырған, сондай ақ ўақытша алып шығылып атырған және ўақытша алып кирилип атырған мәдений байлықларды дизимге алады;

Алып шығылады, ўақытша алып шығылады деп жәрияланған, сондай-ақ ўақытша алып шығылғаннан кейин қайтып алып келинген мәдений байлықларды экспертизадан өткериўди тәмийин-лейди;

Мәдений байлықларды алып шығыў ҳәм ўақытша алып шығыў ҳуқықын бериўши гүўалық береди;

Услап қалынған ямаса конфискация етилген (хатланған) мәдений байлықларды тийисли мәмлекетлик уйымлардан қабыл етип алады, оларды экспертизадан өткереди ҳәм де олардан пайдаланыў тәртибин белгилейди.

Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик бажыхана басқармасы нызам актлерине муўапық мәдений байлықларды алып шығыў ҳәм алып кириў тәртиби үстинен қадағалаўды әмелге асырады.

Мәдений байлықларды экспертизадан өткериў ҳәм де оларды алып шығыў және алып кириўди қадағалаў тәртиби Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленеди.

**6-статья. Алып шығылып атырған ҳәм алып кирилип атырған мәдений байлықларға болған меншик ҳуқықы**

Алып шығылып атырған ҳәм алып кирилип атырған мәдений байлықларға мәмлекет мүлки ҳуқықы және юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң мүлик ҳуқықы жүзеге келиўине төмендегилер тийкар болады:

мәдений байлықлардың мәмлекет бюджети есабынан дөретилиўи;

мәдений байлықлардың юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң өз жумысы есабынан дөретилиўи;

мәдений байлықлар дөретилиўи ямаса қолға киргизилиўине тийкар болған келисимлер;

мийрасқа алыў.

Бир ўақыттың өзинде интеллектуал меншик объектинде болған мәдений байлықларға меншик ҳуқықы нызам актлери менен тәртиплестириледи.

**7-статья. Меншик ийесиниң мәдений байлықларды алып шығыўға болған ҳуқықы**

Мәдений байлықлардың өз меншик ийеси ямаса ол ўәкиллик берген адам тәрепинен алып шығылыўы нызам актлеринде белгиленген тәртипте Қарақалпақстан Республикасының Мәденият ҳәм спорт ислери бойынша министрлиги тәрепинен берилетуғын алып шығыў ҳуқықын бериўши гүўалық

тийкарында әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 05.10.2007-ж. 165/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Автор өзи дөреткен, өз меншиги болған мәдений байлықларды алып шығыўға ҳақылы болады.

**8-статья. Қарақалпақстан Республикасынан алып шығыў мүмкин болмаған мәдений байлықлар.**

Төмендеги мәдений байлықлардың Қарақалпақстан Республикасынан алып шығылыўы мүмкин емес:

елиў жыл ҳәм оннан да бурын дөретилген мәдений байлықлар;

мәмлекет тәрепинен қорғалыў дизимлерине ҳәм реестрлерине киргизилген мәдений байлықлар;

Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик музейлеринде, архивлеринде китапханаларында ҳәм басқа да сақлаў орынларында турақлы сақланып атырған мәдений байлықлар.

**9-статья. Мәдений байлықларды ўақытша алып шығыў**

Мәдений байлықларды ўақытша алып шығыў юридикалық ҳәм физикалық тәреплер таманынан төмендеги жағдайларда әмелге асырылыўы мүмкин:

көргизбелер шөлкемлестириў ушын;

қайта тиклеў, оңлаў-жөнлеў ислерин ҳәм илимий изертлеўлерди әмелге асырыў ушын;

театр, концерт ҳәм басқа да артистлик хызмет мүнәсибети менен;

мәмлекет елшиханаларын ҳәм ўәкилханаларын безеў ушын;

нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа да жағдайларда.

Ўақытша алып шығылып атырған мәдений байлықлар кредитти тәмийинлеў сыпатында пайдаланылыўы ямаса гиреў ўәжи сыпатында хызмет етиўи мүмкин емес.

**10-статья. Мәдений байлықларды ўақытша алып шығыў шәртлери**

Мәдений байлықларды ўақытша алып шығыў ушын Қарақалпақстан Республикасы Мәденият ҳәм спорт ислери бойынша министрлиги беретуғын гүўалық тийкар болады. *(ҚР ЖК 05.10.2007-ж. 165/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Мәдений байлықларды алып шығыў ҳуқықын бериўши гүўалықты бериў тәртиби Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланады.

**11-статья. Мәдений байлықларды ўақытша алып шығыў ушын усынылатуғын ҳүжжетлер**

Мәмлекетлик музейлер, архивлер, китапханалар, мәмлекеттиң басқа да сақлаў орынлары тәрепинен мәдений байлықларды ўақытша алып шығыў

ҳаққындағы гүўалықты алыў ушын арза берилип, оған төмендегилер қоса тиркеледи:

мәдений байлықларды ўақытша алып шығыўдың мақсетлери, мүддетлери ҳәм шәртлери ҳаққында қабыл етиўши шәртнама;

қамсызландырыў қәўиплеринин барлық жағдайлары тәмийинленген түрде ўақытша алып шығылып атырған мәдений байлықлардың мүлклик қамсызландырыў шәртнамасының қамсызландырыў полиси (гүўалық, сертификат, квитанция);

қабыл етиўши тәрептиң мәмлекетлик уйымларының ўақытша алып шығылып атырған мәдений байлықлардың сақланыўы ҳәм өз ўақтында қайтарылыўына байланыслы жазба кепилликлери.

Басқа юридикалық тәреплер таманынан мәдений байлықларды ўақытша алып шығыў ҳаққындағы гүўалықты алыў ушын арзаға усы статьяның биринши бөлегиндеги екинши ҳәм үшинши абзацларында көрсетилген актлер қоса тиркеледи.

Физикалық тәреплер таманынан мәдений байлықларды ўақытша алып шығыў ҳаққындағы гүўалықты алыў ушын арзаға усы статьяның биринши бөлиминдеги үшинши абзацында көрсетилген актлер қоса тиркеледи.

**12-статья. Мәдений байлықларды ўақытша алып шығыў ҳаққындағы гүўалық бериўден бас тартыў**

Мәдений байлықларды ўақытша алып шығыў ҳаққындағы гүўалық төмендеги жағдайларда берилмейди, егер:

усы Нызамның 11-статьясында нәзерде тутылған ҳүжжетлер усынылмаған болса;

ўақытша алып шығылады деп жәрияланған мәдений байлықлардың жағдайы олардың сақланыў шараятларын өзгертиў мүмкиншилигин бермесе;

ўақытша алып шығылады деп жәрияланған мәдений байлықлардың меншик ийеси анықланбаған болса;

мәдений байлықлар меншик ҳуқықы ҳаққындағы даў буйымы болса;

мәдений байлықларды ўақытша алып шығыў нәзерде тутылып атырған мәмлекетте ўақытша алып шығылып атырған мәдений байлықлардың сақланыўын тәмийинлеўге тосқынлық ететуғын тәбийий апат жүз бергенде ямаса басқа жағдайлар пайда болғанда.

Мәдений байлықлардың ўақтынша алып шығылыўы ҳаққындағы гүўалықты бериў туўралы арзаны қайта көрип шығыўда усы гүўалықты бериўден бас тартыў ҳаққындағы билдириўде алдын көрсетилмеген жаңа тийкарлар бойынша оны бериўден бас тартыўға жол қойылмайды. *(ҚР ЖК 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**13-статья.Ўақытша алып шығылған мәдений байлықларды қорғаў**

Қарақалпақстан Республикасынан ўақытша алып шығылған мәдений байлықларды қорғаў Өзбекстан Республикасының тийисли мәмлекетлердеги дипломатия ўәкилханалары тәрепинен әмелге асырылады.

**14-статья. Ўақытша алып кирилген мәдений байлықлардың сақланыўының кепилликлери**

Мәмлекет Қарақалпақстанға ўақытша алып кирилген мәдений байлықлардың Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленетуғын тәртипте сақланыўына кепиллик береди.

**15-статья. Ҳәр қыйлы затлардың мәдений байлықлар бәнеси менен алып кирилиўин қадаған етиў**

Конституциялық дүзимди ҳәм мәмлекетлик ғәрезсизликти ыдыратыўға, аймақлық пүтинликти бузыўға қаратылған, урысты, терроршылықты, зорлық көрсетиўди, диний экстремизмди, раса айырыўшылықты үгит-нәсиятлаўшы ҳәр қыйлы затлардың, сондай-ақ порнографиялық мазмундағы материаллардың мәдений байлықлар бәнеси менен алып кирилиўи қадаған етиледи.

**16-статья. Мәдений байлықларды нызамсыз түрде алып кириўдиң ҳәм қолға киргизиўдиң алдын алыў**

Мәдений байлықларға байланыслы излеў жәрияланған болса, олар соңынан нызамлы меншик ийелерине қайтарыў мақсетинде услап қалыныўы керек.

Басқа мәмлекетлерден нызамсыз түрде алып шығылған, урланған ямаса нызамсыз түрде қолға киргизилген мәдений байлықларды қолға киргизиўдиң алдын алыў мақсетинде мәмлекетлик музейлер, архивлер, китапханалар, басқа да мәмлекетлик сақлаў орынлары олардың келип шығыўы ҳаққында зәрүр мағлыўматқа ийе болыўы шәрт.

**17-статья. Мәдений байлықларды бөлистириў**

Қарақалпақстан Республикасының тысқарысына алып шығылыўы мүмкин болмаған мәдений байлықларды бөлистириў (сатыў, таратыў) ислери бул бойынша қарыйдарға жазба түрде ескертилгеннен кейин ғана әмелге асырылады.

Мәдений байлықларды ким зыят саўдасына (аукционға) қойыў Қарақалпақстан Республикасының Мәдeният ҳәм спорт ислери бойынша министрлиги менен келисим тийкарында әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**18-статья. Мәдений байлықлар транзити ҳәм оларды почта жөнелтпелеринде жибериў**

Мәдений байлықларды Қарақалпақстан Республикасының аймағы арқалы транзит тәртибинде алып өтиўде Қарақалпақстан Республикасының бажыхана

уйымларына мәдений байлықлар тек транзит тәртибинде алып өтиў мақсетинде Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасының Бажыхана ҳаққындағы нызам актлеринде ҳәм халықаралық шәртнамаларында белгиленген шәртлерде алып кирилип атырғанын тастыйықлайтуғын ҳүжжет усынылады.

Мәдений байлықларды почта жөнелтпелеринде жибериў нызам актлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

**19-статья. Мәдений байлықларға инсап пенен ийелик етиўшиниң ҳуқықлары**

Басқа мәмлекетлерден нызамсыз түрде алып шығылған, басқа мәмлекетлерде урланған  ямаса жойтылған мәдений байлықларға инсап пенен ийелик етиўши оларды нызамлы меншик ийесине қайтарып бериўи тийис.

Бундай жағдайларда инсап пенен ийелик етиўшиге белгиленген тәртипте компенсация  төленедиБасқа мәмлекетлерден нызамсыз түрде алып шығылған, басқа мәмлекетлерде урланған  ямаса жойтылған мәдений байлықларды ҳақ нийетли қолға киргизиўши оларды нызамлы меншик ийесине қайтарып бериўи тийис. Бундай жағдайларда ҳадал түрде қолға киргизиўшиге белгиленген тәртипте компенсация  төленеди.

Усы статьяның биринши бөлимине муўапық қайтарылған мәдений байлықлар бажыхана төлеўлери ҳәм басқа жыйымлардан азат етиледи. Талап етиўши тәреп қайтарып бериўге байланыслы басқа қәрежетлерди көтереди.

**20-статья. Мәдений байлықларды қайтарыў**

Мәмлекет нызамсыз түрде алып шығылған ҳәм Қарақалпақстан Республикасына қайтарылыўы тийис болған мәдений байлықларды талап етип алыў илажларын көреди.

Қарақалпақстан Республикасы аймағынан оның суверенлиги жәрияланғанға дейин нызамсыз түрде алып шығылған мәдений байлықларды қайтарыў ҳаққындағы талапларға байланыслы даўа мүддети белгиленбейди.

Қайтарылған мәдений байлықлардың меншик ийелери оларды қайтарып алып кириўде бажыхана төлемлеринен ҳәм арнаўлы жыйым төлеўден азат етиледи.

**21-статья. Мәдений байлықларды көркемлик экспертизасынан өткергени ушын арнаўлы жыйым**

Мәдений байлықларды көркемлик экспертизасынан өткергени ушын арнаўлы жыйым төленеди, оның  муғдары және  төлеў тәртиби Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленеди.

**22-статья.Мәдений байлықлар ушын бажыхана төлемлери**

Мәдений байлықларды алып кириў ҳәм алып шығыўда нызам актлеринде белгиленген тәртипте бажыхана төлемлери алынады.

**23-статья. Мәдений байлықларды алып шығыў ҳәм алып кириў ҳаққындағы нызам актлерин бузғаны ушын жуўапкершилик**

Мәдений байлықларды алып шығыў ҳәм алып кириў ҳаққындағы нызам актлерин бузыўда айыплы адамлар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.